

**Elèv ki gen Andikap nan Lekòl Charter yo:**  
Avi sou Dwa Aksè ak Egalite nan Sèvis Edikasyon

**Chè Paran:** Dokiman sa a eksplike dwa edikasyonèl elèv ki gen andikap yo pou enskri nan lekòl charter Massachusetts ak pou yo resevwa sèvis edikasyon spesyal apwopriye nan lekòl charter sa yo. Toulède lwa federal ak eta egzije ke admisyon nan yon lekòl charter dwe fèt san yo pa teni kont oswa konsidere si timoun nan gen yon andikap, e kidonk lekòl charter yo ouvri pou tout elèv, keseswa ou non yo kalifye pou resevwa sèvis edikasyon spesyal. Lekòl Charter yo dwe bay sèvis edikasyon spesyal, jiska nan limit ki spesifye dapre lwa Eta sou lekòl charter, a tout elèv ki elijib yo. Sa a se yon rezime sou dwa elèv ou a pou enskri ak resevwa sèvis ki nesèsè nan lekòl charter li a.

◆ **Lekòl Charter yo aksepte e yo sèvi elèv ki gen andikap yo.**

Lekòl Charter yo ouvè pou elèv tout klas ki elijib nan zòn sèvis lekòl la sou yon baz plas ki disponib. Si gen plis elèv ki aplike pase plas ki disponib la, yap òganize yon lotri pou detèmine o-aza kimoun ki pral antre. Tout elèv ki ta swete enskri nan yon lekòl charter gen yon chans egal pou l antre kèlkeswa, e san okenn konsiderasyon de, nenpòt bezwen pou sèvis edikasyon spesyal.

Gade nan: M.G.L. c. 71 §89 (l) ki deklare ke lekòl charter yo ap ouvè pou tout elèv, sou yon baz plas disponib, e li pap fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonan, kwayans, sèks, etnisite, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, *andikap mantal oswa fizik*, laj, zansèt, pèfòmans spòtif, *bezwen spesyal*, oswa konpetans nan lang Angle oswa yon lang etranje, ak reyisit akamedik. (*ajoute anfas*)

◆ **Lekòl Charter yo dwe asire ke elèv ou a resevwa sèvis edikasyon spesyal si yo te detèmine ke elèv la elijib avèk yon andikap pa ekip Pwogram Edikasyon Endividalize (IEP).**

Lekòl Charter yo dwe asire ke elèv yo ki gen andikap resevwa sèvis edikasyon spesyal ke yo gen dwa. Sèvis yo ka konpoze de enstriksyon edikasyon spesyal ak sèvis ki anrapò nan yon anviwonman ki gen mwens restriksyon, oswa konpoze sèlman de sèvis ki anrapò ki nesèsè pou gen aksè a pwogram edikasyon jeneral la. Kantite ak lokasyon sèvis yo (kote yo pral bay sèvis la) detèmine pa ekip IEP elèv ou a e li dokimante nan IEP elèv la. Jan sa detèmine pa ekip IEP elèv ou a, lekòl charter a pral bay sèvis nan yon plasman ki:

- Enklizyon konplè - elèv la nan salklas edikasyon jeneral 80%-100% nan jounen lekòl la; oswa
- Enklizyon Pasyèl - elèv la nan salklas edikasyon jeneral 40-80% nan jounen lekòl la; oswa
- Separe sibstansyèlman - elèv la andeyò salklas edikasyon jeneral plis pase 60% nan jounen lekòl la.

◆ **Elèv la dwe resevwa sèvis ki gen rapò si ekip IEP a detèmine elèv la bezwen yo.**

Lekòl Charter yo dwe bay sèvis ki gen rapò a elèv ki gen andikap yo si ekip IEP a detèmine ke sèvis la nesèsè pou elèv la benefisye de edikasyon spesyal oswa, si elèv la pa bezwen enstriksyon edikasyon spesyal, ke sèvis ki anrapò a nesèsè pou asire ke elèv la gen aksè a pwogram edikasyon jeneral. Egzanp sèvis sa yo gen ladan: terapi langaj, terapi okipasyonèl, konsèy sikolojik, ak/oswa ajisteman konsèy.

◆ **Lekòl Charter yo oblije satisfè bezwen elèv ki gen andikap yo ki kalifye anba Seksyon 504 nan Lwa 1973 sou Reyabilitasyon, jan li te modifiye a, menmsi elèv la pa elijib kòm yon elèv ki gen andikap anba lwa edikasyon spesyal eta ak federal.**

Lekòl Charter yo gen obligasyon pou bay yon edikasyon piblik gratis a elèv ki gen andikap ki kalifye yo anba Seksyon 504 nan Lwa 1973 sou Reyabilitasyon, jan li te modifiye a. Kalite edikasyon sa yo konpoze de akomodasyon edikasyon jeneral ak asistans ak sèvis ki gen rapò ki deziyen pou satisfè bezwen edikasyon endividyèl elèv ki gen andikap yo osi adekwatman ke bezwen elèv ki pa gen andikap yo satisfè. Yon edikasyon apwopriye pou yon elèv ki gen andikap anba règleman seksyon 504 ki te kapab konpoze nan salklas edikasyon jeneral avèk akomodasyon, edikasyon nan klas edikasyon jeneral avèk sèvis siplemantè, ak/oswa sèvis ki anrapò yo. Lekòl yo ta enkli sèvis sa yo nan yon "Plan 504."

◆ **Pou elèv yo ki ta bezwen sèvis edikasyon ki depase sa lekòl charter egzije pou bay, ekip IEP a pral konvoje yon reyinyon pou fè pwovizyon aranjman sèvis ki nesèsè yo.**

Si ekip IEP ki te konvoke pa lekòl charter a kwè ke elèv ou a ka bezwen pwogram atanplen oswa edikasyon rezidansyèl spesyal, lekòl charter a pral konvoke yon reyinyon plasman separe pou detèmine plasman apwopriye a. Yo pral envite w nan reyinyon an, ansanm avèk distri lekòl kote ou abite a. Lè reyinyon an ap fèt, ekip plasman an dwe konsidere anvan si distri lekòl rezidans lan gen yon pwogram nan-distri ki ka bay sèvis ekip IEP rekòmande a, swa poukont li oswa kòm yon sèvis siplemantè ki disponib nan lekòl charter a. Si gen yon kalite pwogram konsa nan-distri a ki egziste, ekip plasman dwe pwopoze yon pwogram nan-distri a paran (ke yo ka bay nan lokal lekòl charter a, atravè yon pwogram ki lokalize nan distri lekòl rezidans lan oswa yon konbinezon toulède), elèv la ap toujou rete enskri nan lekòl charter a, e lekòl charter a pral kenbe responsabilite pwogramasyon ak finansye pou elèv la. Tanpri remake ke lekòl charter a gen diskreyon antye sou kote lap pwopoze pou l bay nenpòt pwogram nan-distri, e li pa gen obligasyon pou l fè kontra avèk rezidans distri lekòl la pou livrezon sèvis amwenske lekòl charter a chwazi pou fè sa.

Si ekip plasman an, ki gen ladan distri lekòl rezidans lan, dakò ke yo pa ka sèvi elèv la nan-distri a, alòs ekip plasman an detèmine ke elèv la bezwen yon plasman andeyò distri a, nan parèy ka enskripsyon ak responsabilite pou pwogram edikasyon spesyal elèv la ap retounen nan men distri lekòl la.

Akoz enskripsyon nan lekòl charter a toujou volontè bò kote paran, paran an ka chwazi pou anile enskripsyon nan lekòl charter a epi enskri de preferans, nan distri lekòl rezidans oswa yon lòt lekòl pou nenpòt rezon e a nenpòt kilè. Toutfwa, lekòl charter a ka pa mande paran an pou anile enskripsyon an kòm yon kondisyon pou resevwa nenpòt sèvis, eksepte lè yo te detèmine plasman edikasyon spesyal elèv la, jan li dekri anwo a, pou l nan yon pwogram andeyò distri a.

Al gade nan: Asistans Teknik Konsiltatif SPED 2014-5: Responsabilite Lekòl Charter pou Elèv ki gen andikap yo ki ka bezwen yon Pwogram Andeyò-Distri - 603 CMR 28.10(6)  
<http://www.doe.mass.edu/sped/advisories/2014-5ta.html>

**Lwa ak Règleman Enpòtan**

Stati Lekòl Charter: G.L. c. 71 §89

Règleman Lekòl Charter: 603 C.M.R. §1.00

Lwa sou Edikasyon Spesyal Massachusetts: G.L. c.71B

Règleman sou Edikasyon Spesyal Massachusetts: 603 C.M.R. §28.00

Seksyon 504 nan Lwa 1973 sou Reyabilitasyon

Lwa Edikasyon sou moun ki gen andikap, 20 USC 1400 *et seq*; ak 34 CFR Pati 300

---

Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte Biwo Depatman Edikasyon Primè ak Segondè Lekòl Charter Massachusetts ak Restriktirasyon Lekòl (telefòn: 781-338-3227; imèl: [charterschools@doe.mass.edu](mailto:charterschools@doe.mass.edu)) oswa Biwo Planifikasyon Edikasyon Spesyal ak Devlopman sou Règleman yo (telefòn: 781-338-3375; imèl: [specialeducation@doe.mass.edu](mailto:specialeducation@doe.mass.edu)).

Pou enfòmasyon adisyonèl konsènan edikasyon spesyal ak dwa paran ak elèv yo, tanpri refere a sa ki annaprè yo:

- Avi konsènan Mezi Pwoteksyon <http://www.doe.mass.edu/sped/prb/>
- Gid Paran pou Edikasyon Spesyal [http://www.fcsn.org/parents\\_guide/pgenglish.pdf](http://www.fcsn.org/parents_guide/pgenglish.pdf)